

Chapit 1

M-pral fè youn rasanbléman

*M-pral fè
youn rasanbléman
pou m-konnin sa k-rivé
fanmi-m yo
anyé-ro!*

Lannouit té blayi kò-l sou do mòn yo. Youn ti van lapin tap souflé, min timounn yo pat sispann joué. Sédènié tap kouri dèyè Aséfi, ti vant li gonflé ak mové grès, ti mizérikòd li byin pandié nan fè noua-a. Anro nan sièl, lali-n tap fouré jé-l anba jipon zétoual, min, tou pré, bò lantouraj la, 3 koukourouj tap fè lago ak lamizè.

Lamèsi brasé difé-a, li jété youn moso boua, épi li di:

--Timounn, sispann!

Tout granmounn yo lévé tèt. Lamèsi gadé yo. Yo té si tèlman anpil, li pat fouti konté yo tout. Tipous té la, Roro té la, Fifi té la... Voklin té vi-n ak tout tanbou-l. Timari té poté kafé. Néréstan té gin kèk né kann li té koupé an ti miyèt pou tout mounn tg ka jouinn moso.

Lamèsi di:

--Fanmi yo, nou fè rasanbléman sila-a pasé Grinn Prominnin tounin. Dépi sou prézidan Tibab, nou té voyé Grinn Prominnin chèché dinnè bout mizè nou. Nou té voyé-l chèché ki mò k-touyé Lanprè, ki mò k-touyé Tipiè, Séfanm ak Marilis... ki mò k-ap sousé fanmi an jouk jounin m-ap palé la-a. Nou té ba-l bouè, n-té bal manjé. Nou té bal bon réchany pou l-té fè larout san pran souf. Jou pasé, dlo koulé, défin papa-m gin tan pati. Gin nèg ki té kòmansé di Grinn Prominnin ginlè mourì. Gin lòt ki té kouè li bat ba. Épi matin an, m-byin sézi, mouin tap binyin nan tèt dlo-a, kilès mouin ouè? Grinn Prominnin! Laj té kòmansé ba-l payèt, figi-l té parèt fatigé, épi...kòm ki diré... (sa pat fè-m plézi di tou) li té gin youn pòz mounn lavil. Min kè-pozé vidé sou mouin lè li bo-m 2 bò, épi l-di: "Sò Lamèsi, kouraj, ou mèt sonnìn rasanbléman an, n-ap konn sa k-rivé fanmi yo".

--Inbin koté-l? Fè l-palé non!

Lamèsi voyé jé-l dèyè, li gadé touf kandélab la. Touf kandélab la louvri. Nèg la vansé, tèt li bésé.

--Fanmi yo, m-di: Onè.

--Réspè, Grinn Prominnin.

Ti van lapin nan sispann koulé. Nonm nan tousé janm kanson-l, li chita sou chouk boua-a nan mitan Tisè ak Fanfan.

--Fanmi yo, mouin poté nouvèl. Dépi sou prézidan Tibab, sé prominnin m-ap prominnin. Mouin ouè mòn, m-ouè lariviè. Mouin ouè savann, mouin ouè lanmè. Mouin kalé jé-m sou lòt péyi, m-aprann palé langaj... Min lè m-rési rantré nan lakou tan lontan, mouin ouè si tout bon vré nou désidé jouinn bout maladi-a, fò nou viré gadé déyè... Fò n-fè vizion tout kriz ki té pasé nan fanmi-a, fò nou chèché ki mak yo kité nan san nou.

--Min, nou pa konn sa k-té pasé. Minm Grann André Miz ki té fèt dikdantan sou prézidan Silvin Salnav, pa konn sa Lanpèrè té di.

--Inbin, sé sa mouin vi-n fè la-a. Sé sa asé mouin vi-n fè la-a. Mouin sot nan péyi tan lontan pou m-rakonté nou sa k-té fèt. Mouin sot nan péyi profondé pou m-palé langaj la ba nou. Mouin... sé tou sa m-ka fè... mouin sot trò louin...

Ti van lapinn nan rétownin, li tizonnin flanm difé-a. Flanm difé-a monté, monté, li kléré tout fanmi yo. Grinn Prominnin viré gadé Sédènié:

--Sila-a fèt dèyè do-m, pa vré?

--Sila-a pami sa k-fèt dèyè-ou yo, oui. Sé dènnié-a. Sa k-té vi-n apré-l la mouri. Min Loulouz gin tan gròs ankò.

Van lapinn nan pati ak paròl la. Sédènié mét tèt li sou zépòl Aséfi. Grinn Prominnin graté gòj li. Anro nan sièl, zétoual tap bay lali-n gabèl, min tou pré, bò lantouraj la, 7 koukourouj tap lonjé douèt sou lamizè.